



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KLINIK SANTE KONPÒTMANTAL KOMINOTÈ YO PRAL DOUBLE, AVÈK FINANSMAN POU 13 NOUVO KLINIK NAN NEW YORK**

***Klinik yo sèvi apeprè 65,000 Nouyòkè chak ane; Bay sèvis sante konpòtmantal kèlkeswa kapasite moun nan pou peye***

**Plan 1 milya dola Gouvènè Hochul pou elaji seri sèvis swen sante mantal yo pral triple kantite klinik ki genyen nan tout eta a**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finansman kondisyonèl pou 13 nouvo Klinik Sante Konpòtmantal Kominotè Sètifye (Certified Community Behavioral Health Clinics, CCBHC), yon pati nan plan 1 milya dola Gouvènè a pou transfòme seri swen sante mantal yo. Travay prensipal nan New York pou ranfòse sèvis sante mantal ak kreye modèl swen entegre pral ede bezwen Nouyòkè yo kèlkeswa kapasite yo pou peye epi pou konble mank ki genyen nan kouvèti asirans yo. Klinik sa yo, Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a an patenarya ak Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) jere, klinik sa yo pral resevwa 3.5 milyon dola, sa ap double kantite klinik nan tout eta a – ki gen ladan sis nouvo lokal nan Vil New York – epi yo pral elaji anpil pati ki bay swen ki santre sou moun ak pran an kont twomatis pou moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal.

"Twò souvan, Nouyòkè k ap fè fas ak pwoblèm sante mantal ak adiksyon yo oblije rasanble swen espesyalize yo bezwen nan yon sistèm ki istorikman pa te kreye pou trete tout moun nan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ane pase mwen te priyoreze 1 milya dola pou transfòme seri swen sante mantal yo nan New York. Lè nou ogmante kantite Klinik Sante Konpòtmantal Kominotè Sètifye nan tout eta nou an, nou ka pi byen aliyen swen sante mantal ak swen pou adiksyon pou fè tretman vin pi aksesib pou tout Nouyòkè yo".

Yo te bay finansman kondisyonèl 265,000 dola pou premye ane a pou 13 founisè sèvis pou etabli klinik nan sèt konte nan nò eta a ak twa minisipalite nan Vil New York. Nouvo sit sa yo pral rejwenn 13 klinik ki etabli yo, ki kounye a bay sèvis imedya sante mantal entegre ak pou pwoblèm itilizasyon sibstans pou apeprè 65,000 moun ki gen tout laj ak kondisyon asirans.

Nan Vil New York, yo te bay finansman kondisyonèl inisyal bay:

- **Ohel Children's Home & Family** nan Brooklyn
- **Interborough Developmental Center** nan Brooklyn
- **Catholic Charities Neighborhood Services** nan Queens
- **Outreach Development Corporation** nan Queens
- **Community Association of Progressive Dominicans** nan Manhattan
- **Postgraduate Center for Mental Health** nan Manhattan

Nan rejyon nan nò eta a, yo te bay prim kondisyonèl pou:

- **Behavioral Health Services North** nan Rejyon Kapital la
- **Upstate Cerebral Palsy** nan Mohawk Valley
- **CASA Trinity** nan Southern Tier
- **Liberty Resources** nan Sant New York
- **Finger Lakes Counseling & Recovery Agency** nan Finger Lakes
- **Westchester Jewish Community Services** nan Mid-Hudson
- **Behavioral Health Services North** nan North Country

Gouvènè Hochul te anonse prim yo pandan yon vizit nan Sèvis Kominotè VIP nan Bronx nan mèkredi. Depi 1974, VIP te opere yon klinik ki bay sèvis entegre ki santre sou fanmi pou maladi mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans, ki gen ladan sèvis entèvansyon pou kriz ak kowòdinasyon swen.

Bidjè ane fiskal 2024 Gouvènè Hochul la te ogmante finansman pou Klinik Sante Konpòtmantal Kominotè Sètifye nan tout eta a nan 14.7 milyon dola, ki gen ladan finansman ki soti nan seri swen ki pa gen reminerasyon ki fèk kreye nan eta a. Klinik sa yo, ki gen sit yo ki premye etabli nan New York an 2017, bay sèvis konplè ak kowòdone swen yo atravè sistèm sèvis konpòtmantal, sante fizik ak sosyal yo. Klinik sa yo bay swen pou nenpòt moun ki bezwen asistans pou sante mantal oswa itilizasyon sibstans, kèlkeswa kapasite yo pou peye, kote yo rete oswa laj yo.

Nan kòmansman ane sa a, Eta New York te bay 5.1 milyon dola pou agrandi klinik ki egziste deja yo lè l sèvi avèk lajan federal Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) an. Lajan sa yo pral amelyore plis enpak pwogram enpòtan sa a atravè Eta New York.

Klinik sa yo konekte moun yo ak sèvis sante mantal nan kriz oswa dirèkteman founi sèvis sa yo, ki gen ladan ekip mobil pou kriz 24 sou 24, entèvansyon kriz ijans, ak estabilizasyon kriz; depistaj ak evalyasyon; planifikasyon tretman ki santre sou pasyan; ak sèvis sante mantal ak pou itilizasyon sibstans pou pasyan ekstèn. Anplis de sa, enstalasyon sa yo ede konekte moun ak depistaj ak siveyans swen primè pou pasyan ekstèn; jesyon ka siblè; sèvis reyabilitasyon sikyatrik; sèvis sipò ant kòlèg ak fanmi; ak swen sante mantal entansif nan kominote a pou veteran ak militè yo.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare,** "Nouyòkè yo dwe kapab jwenn aksè nan sèvis yo bezwen yo nan yon sèl kote ki ofri itilizasyon entegre sibstans, sante mantal ak swen sante fizik. Klinik Sètifye pou Sante Konpòtmanal Kominotè yo bay swen konplè sa yo epi lè nou agrandi yo nan tout eta a, nou ka amelyore anpil aksè yo atravè Eta New York. Avèk ekspansyon sa a, Gouvènè Hochul ap rete fidèl ak angajman li pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a bon jan kalite swen sante mantal".

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans lan, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare,** "Kreyasyon nouvo klinik sa yo fè swivi ak pwomès Gouvènè Hochul te fè pou elaji seri swen sante nan eta a pou moun ki bezwen sèvis pou konpòtman, sante fizik, itilizasyon sibstans ak lòt kondisyon ki rive ansanm. Li demontre yon angajman fèm eta a pou bay swen konplè ki satisfè bezwen swen sante inik tout Nouyòkè yo, epi OASAS espere kontinye elaji modèl inovatè sa a pou ede plis moun jwenn èd ak sipò yo bezwen".

**Direktè Egzekitif Jeneral VIP Community Services, Debbian Fletcher-Blake, te deklare,** "VIP kontan dèske Gouvènè a envesti nan swen moun ki gen maladi mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans. Sipò li pou CCBHC yo pral san dout chanje fason yo bay swen nan Eta nou an. Modèl swen sa a senbolize vrè swen entegre. Finansman sa a se yon investisman nan swen sante ekitab pou Nouyòkè yo. Mwen apresye OASAS ak OMH paske yo envesti nan modèl sa a".

**Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare,** "Antanke Prezidan Komite sou Sante Mantal nan Sena Eta New York la, mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman li pou ranfòse enfrastrikti sante mantal eta nou an. Nouvo Klinik Sètifye pou Sante Konpòtmantal Kominotè sa yo pral ede asire ke plis Nouyòkè ka resevwa swen byenveyan, diy ak alè lè yo pi byen aliye swen sante mantal ak swen pou adiksyon epi lè yo redui baryè pou swen. Mwen pa ka tann pou m travay ansanm ak Gouvènè a pou kapab transfòme sistèm sante mantal nou an".

**Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare,** "Mwen kontan wè angajman Gouvènè Hochul pran pou elaji aksè a swen sante mantal atravè finansman 13 nouvo Klinik Sante Konpòtmantal Kominotè Sètifye. Inisyativ sa a se yon etap enpòtan nan asire ke Nouyòkè yo, kèlkeswa kapasite yo pou peye, gen aksè a swen ki santre sou moun epi ki pran an kont aspè twomatis pou pwoblèm sante konpòtmantal yo. Lè nou triple kantite klinik nan tout eta a, n ap fè pwogrè nan direksyon pou nou gen yon sistèm swen sante mantal ki pi entegre ak pi konplè. Li enpòtan pou nou kontinye abòde mank ki genyen nan kouvèti asirans yo ak batay pou rekiperasyon chak moun k ap goumen ak pwoblèm sante konpòtmantal, kèlkeswa sikonstans yo".

**Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare,** "Swen sante mantal se yon bagay vital pou tout kominote nou yo. Kòm yon enfimyè ki otorize ak Manm Asanble, mwen te wè pèsonèlman batay pou bay bon jan swen sante mantal pou jèn yo nan tout Eta New York. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul sou investisman nan 13 nouvo klinik sante konpòtmantal yo. Mwen te toujou goumen pou sa ki pi bon pou elektè mwen

yo, epi mwen pa ka tann pou mwen travay ak Gouvènè Hochul pou elaji enfrastrikti swen sante nou an davantaj pou tout moun ki bezwen sipò sante mantal yo, sitou sila yo ki nan zòn riral ak konte ki nan rejyon nò yo, ka gen aksè yo bezwen an".

Agrandisman klinik la fè pati yon envestisman 181.6 milyon dola pou elaji anpil sèvis pou pasyan ekstèn yo. Agrandisman pwogresif yo prevwa nan plan an pral devlope 26 nouvo klinik disi jiyè 2025.

Finansman pou klinik yo fè pati [plan 1 milya dola](#) Gouvènè Hochul pou amelyore sistèm swen sante mantal Eta New York lè li ajoute kapasite nan tout sistèm nan, elaji pwogram ki egziste deja yo ki gen yon istorik siksè, ak finansman nouvo inisyativ ki baze sou prèv ki vize pou konble vid ki genyen yo. Plan sa a, ki te adopte nan kad bidjè eta ane fiskal 2024 la nan mwa me, vize elaji anpil aksè, diminye tan datant, epi asire nivo swen apwopriye pou tout Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal.

Plan an gen ladan touji sèvis kominotè pou pasyan ekstèn yo, kreye nouvo inite lojman sipò pou sèvi Nouyòkè ki gen maladi mantal, ak bati pwogram devlopman ki gen yon istorik siksè ki pwouve. Plan an baze sou envestisman anvan yo te ki fèt nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, sa ki ede fèmen twou vid ki genyen yo epi asire ke sistèm nan byen sèvi bezwen swen sante mantal tout Nouyòkè ki nan kriz yo, ki gen ladan popilasyon majinalize ak vilnerab yo.

Nan kòmansman otòn sa a, Biwo Sante Mantal la [te finalize gid](#) sou evalyasyon ak pratik egzeyat pou pwogram ijans sikyatrik konplè ak depatman ijans yo, ak pou etablisman atik 28 ak atik 31 prive pou pasyan ki entène yo. Gid sa a fikse estanda swen yo atann pou estime, evalye ak egzeyate moun ki gen kondisyon sante konpòtmantal epi li pral ede asire ke moun yo kite avèk sipò kominotè apwopriye.

Ajans lan ap etabli tou 50 nouvo ekip kowòdinasyon swen Entèkansyon nan Moman Kritik (Critical Time Intervention, CTI) pou bay sèvis konplè pou pasyan ki egzeyate yo – soti nan tretman, pase nan lojman, rive nan kominote a ak sipò rekiperasyon. An menm tan, y ap devlope 42 nouvo ekip Tretman Kominotè Entansif (Assertive Community Treatment, ACT) pou bay Nouyòkè ki gen pi wo nivo bezwen yo sèvis kominotè entansif.

Pou konplete efò sa yo, Gouvènè Hochul te etabli premye inite [Tranzisyon pou Ale Lakay](#) nan Manhattan Psychiatric Center pou ede bay swen ki oryante sou rekiperasyon, ki santre sou moun pou moun ki gen difikilte sanzabri kwonik yo. De inite pou pasyan ki gen 25 kabann sa yo genyen yon ekip miltidisciplinè ki gen doktè, enfimyè, travayè sosyal, terapet okipasyonèl, ak lòt pèsònèl klinik ak pèsònèl ki pa klinik pou bay tretman ki konsantre sou rekiperasyon ak objektif pou finalman egzeyate pasyan yo nan swen ki baze nan kominote a.

Nan kad plan an, OMH ap bay finansman tou pou devlope ak opere 3,500 nouvo inite rezidansyèl pou Nouyòkè ki gen maladi mantal yo. Inite sa yo gen ladan 500 inite rezidans kominotè ki gen yon sèl chanm, ki bay lojman ak sèvis entansif pou moun ki

gen maladi mantal grav ki gen plis risk pou yo nan sitiyasyon sanzabri; 900 inite tranzisyon; 600 inite apatman ki gen lisans k ap sèvi moun ki bezwen yon nivo sèvis entèmedyè.

Li gen ladan tou 1,500 inite lojman sipò ki pral sèvi moun ki gen yon maladi mantal grav ki gen bezwen mwens grav men ki toujou bezwen sipò pou viv poukont yo. Jiska prezan, OMH te fè akizisyon pou prèske 690 milyon dola pou total finansman plan an te mete disponib.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418